АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

Шамил районалъул газета

# ЦОЛЪИ

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

№50 (10096)

РУЗМАН

22 декабрь 2023 сон

9 ДЖУМАДУЛЬ-АХИР 1445 СОН

Единство | Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ | Багъа эркенаб

■ ТАДБИРАЛ, БАЙРАМАЛ

## ХIебда школалъе М.ГIабдуразакъовасул цIар

**Араб шамат къоялъ ХIебда гьоркьохъеб школалда тIобитIана республикаялъул кIвдаралъул кIудияб тадбир. Гьеб къоялъ ХIебда гьоркьохъеб школалъе кьуна, машгьурав нилъер ракьцояв, милициялъул генерал-лейтенант МухIамад ГIабдуразакъовасул цIар. Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIер МухIамад ХIасанов, ДРялъул жанисел ишазул министрасул заместитель Сахават Сахаватов, МухIамад ГIабдуразакъовасул вас Шамил ГIабдуразакъов, гьезул гIагарлъи, росуцоял ва гьесда цадахъ хIалтIарал МВДялъул ветераналл.**



**НИЖЕР БАЯН:**

*МухIамад ГIабдуразакъов гьавуна 1939 соналда ТIелекь росулъ. ГьитIинго КIудияб ВатIанияб рагъдаса эмен вуссинчIев МухIамадил хасият лъадарана кьвараpал мугIрузул гIадатаз. ТIелекь росдал школа лъугIарабго гьев хIалтIана школалъул пионеразул нухмалъулевлъун. Жиндирго бугеб гIуцIарухъанлъиялъул махщел бихьун, гьев восана доб мехалъ букIараб КъахIиб районалъул комсомолазул комитеталде. 1960 абилеб соналъ Централияб комсомолазул школа лъугIарав МухIамад ГIабдуразакъов тIамуна комсомолазул райкомалъул тIоцевесев секретарьлъун. Гьелдаса хадуб нухмалъи гьабуна Дагъистаналъул комсомолазул обкомалъе ва Дагъистаналъул Совминалда цебе бугеб спорталъул комиталъе.*

*1973 соналдаса нахъе хIалтIизе байбихьана МВДялъул гIуцIиялда. Улкаялдаго хIалуцарал 90абилел соназ нухмалъи гьабуна Дагъистаналъул МВДялъе (1992-1998). МухIамад ГIабдуразакъовас гIуцIана цIияб тарихалъулъ бугеб, нилъер республикаялда тIолгороссиялъул цебесеб кьерда бугеб жанисел ишазул гIуцIи. Гьес жигараб гIахьаллъи гьабуна Чачан республикаялъул рахъалдаса нилъер республикаялде гьоркьоса къотIичIел чабхъенал нахъе чIвазе, хIинкъи-къай гьечIого махщелалда тIубазабуна Кизляралда ва Первомайскиялда рукIарал террористазул къокъабигун данде къеркьей. 1998 соналъ МахIачхъалаяда ХъахIаб рукъ талавур гьабуралдаса жиндиего бокьун министрасул хъулухъ тана. 1998 соналъул октябрь моцIалдаса нахъе хIалтIана Россиялъул МВДялъул жамгIияб хIинкъи-къай цIуниялъул управлениялъул нухмалъулесул заместительлъун. Жиндирго бугеб доб заманаялъ къанагIатаб, ритIухъаб хьвадачIвадиялъ, хIалтIул цебетIеялъ гьесие щвана пачалихъалъул шапакъатал: БахIарчилъиялъул орден, ХIурматалъул гIаламат, «ВатIаналъе гIоло гьабураб хъулухъалъе гIоло» ункъабилеб даражаялъул орден ва цойги гIемерал шапакъатал. 2021 абилеб соналъ МухIамад ГIабдуразакъов ватIалъана гIумруялдаса коронавирусалъул унтиялдаса хадув.*

(Ахир 2-леб гьум.)

■ АНТИТЕРРОР

## ЦIиял гIелал терроризмалдаса цIунизелъун

**15 декабралъ тIобитIана терроргун экстремизмалде данде къеркьеялъе гIуцIараб комиссиялъул данделъи.**

Данделъи нухда бачана комиссиялъул председатель, районалъул бетIер МухIамад ХIасановас. Гьесул кабинеталда данделъун рукIана районалъул прокурор ИсмагIил ИсмагIилов, районалъул бетIерасул заместителал Карим Будунов ва МухIамаднаби ХIажиев, райсобраниялъул председатель МухIамадамин Хизроев, районалъул имам ГIизудин ГьитIоножоев, райгазеталъул редактор ПатIимат МухIамадова, гIолилазул ишазул ва спорталъул бетIерав специалист МухIамадрасул Хатиев.

МухIамад ХIасановас данделъи байбихьана 14 декабралъ РФялъул президент В.В.Путинил халкъалъулгун бухьеналъе тIобитIараб каламалъул бицунаго. Президентас гIадамазе бищун хIажатал суалал рорханин ва кIвар цIикIкIарал жавабал кьунин пикру загьир гьабуна М.ХIасановас. Гьезда гьорлъ рукIана СВОялъул гIахьалчагIазе хIукуматалъул рахъалдаса щвезе бигьалъаби, багьаби рахиналъул, ЖКХялъул ва цогидал суалал.



Районалъул цIалул идарабазда хIинкъи гьечIолъи цIуниялъе гьабулеб бугеб хIалтIул баян кьуна лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев К.Будуновас. ЦIалул идарабазе цIуна-къаялъул паспортал гьарун ругин ва мугIалимзабигун цIалдохъабазулгун ГИБДДялъул, ва МЧСалъул хIалтIухъабигун цадахъ малъа-хъваялъул хIалтIаби гьарунин рехсана. Исана соналда жаниб Къелеб-Хьиндахъ ва Гьолокь школал сверун къазе хIалтIабиги гьарунин бицана гьес. ХIинкъи букIин лъазабулел кнопкабазде кIвар кьезе хIажат букIин бичIчIизабуна районалъул прокурорас, К.Будуновасе суалал кьолаго.

ГIолохъабазда гьоркьоб терроралда данде чIеялъе ва гьел хIажат гьечIел къокъаязде гьорлъе ккеялдаса цIуниялъе лъагIалида жаниб гьабураб хIалтIул баян кьуна М.Хатиевас. Гьес бицаралде тIадежубай гьабуна районалъул имам ГIизудин ГьитIиножоевас ва гIагарал къоязда жаниб шагьаралда ругел гIолилазулгун дандчIвай гьабизе ракIалда букIин бицана.

Гьединго, тIаде рачIунел ругел байрамиял къояз цIуна-къай гьабиялъул суалги дандбана данделъараз. АТКялъул аппараталъе щибаб суалалдасан хасал тIадкъаял кьуна районалъул бетIерас.

**Нижер мухбир**

■ АБАДИЯЛЪЕ ХУТIАРАЛ ЦIАРАЛ

## ГIумаров ХирамухIамад МухIамадович

**Дагьал церегIан къояз рагъулал лъугьа-бахъиназул майданалдаса цоги кьогIаб хабар щвана районалде. Хасаб рагъулаб операциялда хъулухъ тIубалев вукIарав ГьентIаса 53 сон барав ГIумаров ХирамухIамад МухIамадович къадаралде щун вуго.**

**НИЖЕР БАЯН:**



*ХирамухIамад ГIумаров гьавуна 1970 соналъ Шамил районалъул ГьентIа росулъ. ГIагараб росулъ 1977-1988 саназ цIалана гьоркьохъеб школалда. Школа лъугIун хадуса армиялъулаб хъулухъ тIубана Владимирский областалъул Ковров шагьаралда. Армиялдаса вуссингун цIализе лъугьана Московскияб юридическияб академиялде. 1996 соналъ лъугIана ХирамухIамадил юридическияб цIали.*

*2023 соналъул июнь моцIалъул ахиралда контрактияб къотIикъаялда рекъон, рагъулаб хъулухъ тIубазе ун вуго Украиналда унеб бугеб спецоперациялда.*

*Хъулухъ тIубалаго ГIумаров ХирамухIамад лъукъунги вукIун вуго.*

Рагъулал лъугьа-бахъиназул рахъалдаса хвалил хабар гIагаразухъе щун буго 4-леб декабралъ. Вукъана ХирамухIамад араб анкьалъ гIагараб ГьентIа росулъ.

Гъваридаб пашманлъиялъул зигара балеб буго ХирамухIамадил хъизан-рукъалда, яцал-вацазда ва тIолабго гIагарлъиялда.

ГIумруялъул завалалда нилъедаса ратIалъулел ругел районцоял хутIила кидаго нилъер рекIелъ бахIарзаллъун. Хваразе Алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе бихьараб хIехьезе сабру кьеги Аллагьас.

**Райадминистрация ва редакция**

■ ОБЪЯВЛЕНИЕ РАЙСОБРАНИЯ

**Решение**
**От 20 декабря 2023 г №26**

**О созыве 19-й сессии Собрания депутатов МО «Шамильский район»**

Президиум Собрания депутатов МО «Шамильский район» -решает:

1. Созвать 19-ю сессию Собрания депутатов МО «Шамильский район»-7-го созыва 27 декабря 2023года в 10 часов с повесткой дня:

- О районном бюджете МО «Шамильский район» на 2024 год и плановый период 2025-2026 годов.

Докладчик: Магомедов Ш.М.- зам.начальника ФО

- О прогнозе социально –экономического развития района на 2024 год
- инф. Гамзатов Г.- и.о начальника экономического отдела.
- О плане работы районного Собрания на 2024год.

2. Разное

**Председатель Собрания М.Хизроев**

■ ТАДБИРАЛ, БАЙРАМАЛ

# Хварал полицейскиязул хъизаналгун дандчIвай

**16-леб декабралъ полициялъул райотделалда тIобитIана ДРялъул МВДялъул министрасул заместителасул ва хъулухъ тIубалаго хварал полициялъул хIалтIухъабазул хъизаназул дандчIвай. Гьелъул асливб мурадги букIана хваразул хъизаназе ругел гIузраби цIехей, хIажалъи бугезе кумек гьаби.**



Гьениб гIахьаллъи гьабуна ДРялъул МВДялъул министрасул заместитель Сахават Запировичас, районалъул бетIер МухIамад ХIасановас, гьесул заместитель Карим Будуновас, райсобраниялъул председатель МухIамадамин Хизроевас, полициялъул отделалъул нухмалъулев МухIамад МухIамадовас ва цогидаз.



ТIаде рачIарал гьалбас ва районалъул бетIерас лъикIал кIалъаял гьаруна хъизанрукъалъул тIолго ургъел жидеда тIад хутIарал хварал полициялъул хIалтIухъабазул хъизаназдехун.

МухIамад ХIасановас хIалтIухъабазул хъизамазул ахIвал-хIал ва гьезие хIажатаб бугищали цIехана. Хадубккунги ккаралъуб гьезие кверчIвай гьабизе букIин бицана.

Сахават Запировичас бицана Министерствоялъ хадубккун гьединал къварилъабаздаса цIуниялъе гьабулеб бугеб хIалтIул ва гьезул хъизанал рехун тезе гьечIеблъи бичIчIизабуна.

ОМВДялда тIобитIараб дандчIвай цIакъ берцинго ва гьудулльиялъулаб ахIвал-хIалалда ана.

**НИЖЕР МУХБИР**



# ХIебда школалъе М.ГIабдуразакъовасул цIар



**(Байбихьи I-себ гьум.)**

ХIебда школалда тIобитIараб тадбир рагьана районалъул бетIер МухIамад ХIасановас. Жиндирго кIалъаялъулъ МухIамад ХIасановас кIвар буссинабуна республикаялъул ва районалъул бюджетаздаса цIалул идарабазда тIад гьабулеб хIалтIуде. КигIан захIматаб хIал бугониги кIочонел гьечIо районалдаса рахъарал бахIарзазул гIумру ва рукIарахъин. СВОялда ва цоги рагъулал тунка-гIусиязда гьунар бихьизабурал гIолилазул цIарал кьолел руго къватIазе, школазе, парказе. Гьес баркала кьуна ХIебда школалъе, МухIамад ГIабдуразакъовасул цIар кьеялъе квер бакъаралщиназе.



Хадув кIалъазе вахъарав ДРялъул жанисел ишазул министрасул заместитель Сахават Сахаватовас, МухIамад ГIабдуразакъовасул гIумруялъул ва хIалтIул къокъабго баян кьуна. Гьелдаго цадахъ ХIебда школа МВДялъул хIалтIухъабазул тIалабалда букIине бугелъулги абуна.

МухIамад ГIабдуразакъовасул гIагарлъиялъ баркала загьир гьабиялда цадахъ, ХIебда школалъе сайигъат гьабуна гьанжесеб къагIидаялъ дарсал кьеялъе санагIалъи бугеб интерактивияб панель.

Тадбир берцин гьабуна ХIебда школалъул мугIалимзабаз ва ясли-ахалъул тарбиячагIаз хIадурарал лъималазул церерахъиназ.

**Давуд ДАВУДОВ**

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

# «ЛъагIалил мугIалим-2024»

**19-абилеб декабралда ХIебда гьоркьохъеб школалда тIобитIана «ЛъагIалил мугIалим-2024» профессионалияб къецалъул муниципалияб бутIа. Араб соналъ гIадин исанаги конкурсалда гIахьаллъана районалъул щуго школалдаса вакилзаби. Гьел ккола ТIидиб, КъахIиб, ТIасабакълъухъ, ГIуриб ва ХIебда гьоркьохъел школазул цебетIураб хIалбихьи бугел мугIалимзаби.**



Конкурс гIуцIун букIана кIиго бутIаялдаса: «Педагогасул къебелъи» ва «Дарс». Щибаб бутIаялда мугIалимзабаз рихьизаруна жидерго махщел, лъай ва тарбия кьеялда хIалтIизарулел цIи-цIиял технологиял ва цIалуде гьира базабизе хIалтIизарулел церетIурал къагIидаби.

«Педагогасул къебелъуда» цере лъурал технологияби рихьизаруна конкурсантаз жидерго дарсазда.

Къецалъул кIиябго бутIаялъул хIасилал данде росун тIоцебесеб бакI босана ХIебда школалъул физикаялъул мугIалим Давуд Давудовас, кIиабилеб бакIалъе мустахIикълъана ТIидиб школалъул биологиялъул мугIалим ГIабдулаев МухIамад, лъабабилеб бакIалде рачIана КъахIиб школалъул гIурус мацIалъул мугIалим Муслимова Салимат ва ГIуриб школалъул байбихьул классазул мугIалим ХIажиева Мадина.

Гьел къецазда ТIасабакълъухъ школалъул мугIалим ГIабдусаматова Айсаратие сайгъат гьабуна «За стремление к успеху» абураб грамота.



Бергьенлъи босарав ХIебда школалъул мугIалим Давудов Давуд гIахьаллъизе вуго гьеб конкурсалъул республикаялъулаб бутIаялда.

**ГI.ХIАСАНОВА**

■ СЕССИЯ

**РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН**

**МУНИЦИПАЛЬНОЕ ОБРАЗОВАНИЕ « ШАМИЛЬСКИЙ РАЙОН»**
**СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ МУНИЦИПАЛЬНОГО РАЙОНА**

**РЕШЕНИЕ**

**№ 18/1 от 13.12. 2023 года**

**О районном бюджете МО « Шамильский район »**
**на 2024 год и на плановый период 2025 и 2026 годов**

В соответствии с Федеральным законом от 6 октября 2003 года №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Закона Республики Дагестан от 2 декабря 2004 года «О местном самоуправлении в Республике Дагестан», Положением о бюджетном процессе муниципального образования «Шамильский район» и рассмотрев представленный проект районного бюджета муниципального образования «Шамильский район» на 2024 год, Шамильское Собрание депутатов муниципального района **р е ш а е т:**

**Статья 1. Основные характеристики районного бюджета муниципального района на 2024 год и плановый период 2025 и 2026 годов.**

1. Утвердить основные характеристики районного бюджета муниципального района на **2024** год;
1) прогнозируемый общий объем доходов районного бюджета муниципального района в сумме **868609,821** тыс. рублей, в том числе объем межбюджетных трансфертов получаемых из республиканского бюджета Республики Дагестан **750767,021** тыс. рублей;
2) общий объем расходов районного бюджета муниципального района на 2024 год в сумме **868609,821** тыс. рублей;
3) дефицит районного бюджета муниципального района на **2024** год в сумме 0,0 тыс. рублей;
4) верхний предел внутреннего муниципального долга МО «Шамильский район» на 1 января 2024 года установить на сумму **7665,0** тыс. рублей.
2. Утвердить основные характеристики районного бюджета муниципального района на плановый период 2025 и 2026 годов:
1) прогнозируемый общий объем доходов бюджета муниципального района на **2025** год в сумме **869560,131** тыс. рублей, в том числе объем межбюджетных трансфертов получаемых из республиканского бюджета Республики Дагестан в сумме **751070,131** тыс. рублей и на **2026** год в сумме **873977,052** тыс. рублей, в том числе объем межбюджетных трансфертов получаемых из республиканского бюджета Республики Дагестан в сумме 753264,052 тыс. рублей;
2) общий объем расходов бюджета муниципального района на 2025 год в сумме **869560,131** тыс. рублей, в том числе условно утвержденные расходы в сумме **19671,0** тыс. рублей и на 2026 год **873977,052** тыс. рублей, в том числе условно утвержденные расходы в сумме **39459,2** тыс. рублей.

**Статья 2. Главные администраторы доходов районного бюджета.**

1. Закрепить основные доходные источники районного бюджета Шамильского района согласно приложению 1 к настоящему Решению за администраторами доходов районного бюджета Шамильского района, осуществляющими в соответствии с законодательством Российской Федерации контроль за правильностью исчисления, полнотой и своевременностью уплаты, начисление, учет, взыскания и принятия решений о возврате излишне уплаченных (взысканных) платежей в бюджет, пеней и штрафов по ним.
2. Установить, что в случае изменения в 2024 году функций главных администраторов - администраторов доходов районного бюджета Шамильского района Собрание депутатов муниципального района «Шамильский район» вправе при присвоении кодов классификации доходов районного бюджета вносить соответствующие изменения в перечень главных администраторов доходов районного бюджета, а также в состав закрепленных за ними кодов классификации доходов районного бюджета.

**Статья 3. Нормативы распределения доходов между районным бюджетом и бюджетами сельских поселений на 2024 год и на плановый период 2025 и 2026 годов.**

Обеспечить зачисление налогов и других обязательных платежей в районный бюджет и в бюджеты сельских поселений по установленным нормативам и в суммах согласно приложению 2 к настоящему Решению.

**Статья 4. Бюджетные ассигнования районного бюджета на 2024 год и плановый период 2025 и 2026 годов.**

1. Утвердить общий объем бюджетных ассигнований на исполнение публичных нормативных обязательств на **2024** год в сумме **4875,0** тыс. рублей, на **2025** год в сумме **4884,3** тыс. рублей и на **2026** год в сумме **5024,3** тыс. рублей.
2. Утвердить ведомственную структуру расходов районного бюджета на 2024 год и на плановый период **2025** и **2026** годов согласно приложению 3 к настоящему Решению.
3. Утвердить распределение бюджетных ассигнований по разделам и подразделам, целевым статьям и видам расходов классификации расходов бюджетов районного бюджета на **2024** год и на плановый период **2025** и **2026** годов согласно приложению 4 к настоящему Решению.

**Статья 5. Особенности использования бюджетных ассигнований по обеспечению деятельности органов местного самоуправления и муниципальных казенных и бюджетных учреждений муниципального района.**

Органы местного самоуправления муниципального района не вправе принимать в **2024** году и на плановый период **2025** и **2026** годов решения по увеличению численности служащих муниципальной службы и работников казенных учреждений муниципального района и работников муниципальных бюджетных учреждений, являющихся получателями бюджетных средств.

**Статья 6. Межбюджетные трансферты бюджетам поселений.**

1. Утвердить распределение районного фонда финансовой поддержки поселений, субвенций бюджетам сельских поселений на выполнение переданных полномочий из средств федерального бюджета и иные межбюджетные трансферты сельским поселениям из районного бюджета:
распределение субвенций бюджетам сельских поселений на выполнение переданных полномочий по осуществлению воинского учета на территориях, где отсутствуют военные комиссариаты;
объем межбюджетных трансфертов бюджетам поселений из бюджета муниципального района на осуществление полномочий по решению вопросов местного значения.
2. Рекомендовать органам местного самоуправления поселений не принимать в **2024** году решений, приводящих к увеличению численности муниципальных служащих и работников муниципальных бюджетных учреждений.

**Статья 7. Особенности исполнения районного бюджета в 2024 году**

1. Установить в соответствии с пунктом 3 статьи 217 Бюджетного кодекса Российской Федерации следующие основания для внесения в 2024 году изменений в показатели сводной бюджетной росписи районного бюджета:

1) недостаточность бюджетных ассигнований для исполнения публичных нормативных обязательств – с превышением общего объема указанных ассигнований в пределах 5 процентов общего объема бюджетных ассигнований, утвержденных решением Собрания депутатов муниципального района о районном бюджете на их исполнение в текущем финансовом году;
2) изменение состава или полномочий главных распорядителей бюджетных средств (подведомственных им казенных учреждений муниципального района и работников муниципальных бюджетных учреждений);
3) использование средств резервного фонда и иным образом зарезервированных в составе утвержденных бюджетных ассигнований средств районного бюджета муниципального района;
4) использование бюджетных ассигнований за счет экономии в текущем финансовом году на оказание муниципальных услуг, реализацию муниципальных функций;
5) изменение бюджетной классификации расходов бюджетов;
6) перераспределение бюджетных ассигнований в связи с внесением изменений в долгосрочные и ведомственные муниципальные программы;
7) изменение объема межбюджетных трансфертов бюджетам сельских поселений за счет перераспределения бюджетных ассигнований;
8) увеличение бюджетных ассигнований на сумму средств, поступивших из республиканского бюджета Республики Дагестан сверх, утвержденных решением о бюджете.

2.Установить, что исполнение районного бюджета по казначейской системе осуществляется финансовым управлением муниципального образования «Шамильский район» с использованием лицевых счетов бюджетных учреждений, открытых в органе, осуществляющем кассовое обслуживание исполнения районного бюджета и в соответствии с законодательством Российской Федерации и законодательством Республики Дагестан.
3.Установить, что кассовое обслуживание исполнения районного бюджета осуществляется органом, осуществляющим кассовое обслуживание исполнения районного бюджета на основании соглашения и на безвозмездной основе.
4. Установить, что наряду с органами государственного финансового контроля главные распорядители, распорядители бюджетных средств обеспечивают контроль подведомственных организаций и получателей бюджетных средств, в части эффективного и целевого использования средств бюджета муниципального района, своевременного их возврата, предоставления отчетности, выполнения заданий по предоставлению муниципальных услуг.
5. Установить, что заключение и оплата местными учреждениями и органами местного самоуправления муниципального образования договоров, исполнение которых осуществляется за счет средств районного бюджета, производятся в пределах утвержденных им лимитов бюджетных обязательств.
6. Обязательства, принятые местными учреждениями и органами местного самоуправления муниципального образования сверх утвержденных им лимитов бюджетных обязательств, не подлежат оплате за счет средств районного бюджета.
7. Финансовое управление муниципального образования «Шамильский район» имеет право приостанавливать оплату расходов местных учреждений и органов местного самоуправления муниципального образования, нарушающих установленный порядок учета обязательств, подлежащих исполнению за счет средств районного бюджета.
8. Нормативные и иные правовые акты органов местного самоуправления муниципального образования, влекущие дополнительные расходы за счет средств районного бюджета на 2024 год, а также сокращающие его доходную базу, реализуются и применяются только при наличии соответствующих источников дополнительных поступлений в районный бюджет и (или) при сокращении расходов по конкретным статьям районного бюджета на 2024 год, а также после внесения соответствующих изменений в настоящее решение.

**Статья 8. Вступление в силу настоящего Решения.**

1. Настоящее Решение вступает в силу с 1 января 2024 года.
2. Опубликовать настоящее Решение в районной газете «Единство».

**Председатель Собрания** **М-А. Хизроев**

■ ИСЛАМАЛЪУЛ НУХДА

# Районалъул имамасе Муфтиясул шапакъат

**Дагъал церегIан къояз Шамил районалъул имам, Бакълъухъа ГIизудин ГьитIиножоевасе ДРялъул Муфтий АхIмад-афандил цIаралдасан щвана баркалаялъул кагъат.**


Муфтият Республики Дагестан
БЛАГОДАРСТВЕННОЕ ПИСЬМО
ВЫРАЖАЕТСЯ БЛАГОДАРНОСТЬ
Гитиножоеву Изудину Гамзатовичу
Председателю совета имамов Шамильского района
за огромный и неоценимый вклад в духовное просвещение
Желаю Вам и всей общине Шамильского района здоровья, мира и благополучия. Амин!
Муфтий Республики Дагестан А. М. Абдулаев



Районалда ислам цебетIеялъе, гIолилал битIараб нухде рачиналъе ГIизудиница гьабулеб бугеб свак гьечIеб хIалтIухъ щвараб мустахIикъаб шапакъат баркулеб буго районалъул рухIанияв цевехъанасда.

Гьарула хадубккунги намусалда бачине тIолго районалъул имамзабазул советалъул нухмалъи. Биччанте гьединаб лъикIаб лъалкI хутIизе щивасда хадуб.

**НИЖЕР МУХБИР**

■ БЛАГОДАРСТВЕННОЕ ПИСЬМО

# Врач – не просто профессия, а призвание

С этих слов хотелось бы начать слова благодарности врачам Шамильской центральной районной больницы, своевременное вмешательство которых стало причиной моего спасения, а душевное отношение – исцелением.

Я понимаю, что врачи выполняют свою работу, которую сделали смыслом своей жизни, но, все-таки, мы должны знать своих героев и быть благодарными за спасение наших жизней и самоотверженный труд.

Мы часто тянем с визитом к врачу, надеясь, что здоровье не подведет, а если и похворали, надеемся, что все пройдет само собой или лечим, не прилагая особых усилий. А когда болезнь уже подступает совсем близко, то надеяться нам уже не на кого – только на людей в белых халатах, которые своей компетентностью, добрым отношением и своевременной медицинской помощью, спасают жизни и дают надежду на будущее.

В тот день, когда у меня обострилось внутреннее кровотечение, со мной оказались без преувеличения лучшие из лучших. Я надеялся только на них и на Всевышнего. Я отчетливо осознал каково это оказаться один на один с болезнью – поверьте мне – это испытание не из легких. Но, благодаря оперативному



вмешательству хирурга Шамильской райбольницы Омарасхаба Магдиева, можно сказать, что я остался жив.

После первых процедур и квалифицированного хирургического вмешательства мне стало лучше. Меня уложили в больницу, где заместители главного врача, хирург, лечащие врачи, медсестры, персонал больницы – все как один стали бороться с моим недугом и сделали все возможное, чтобы болезнь отступила, и я пошел на поправку. Я понимаю, что ничем не смогу их отблагодарить, но считаю своим долгом в знак благодарности упомянуть каждого из них:

Заместитель главного врача по лечебной части Али Гамзатов, замглавврача Джамалудин Магомедов, невропатолог Патимат Магомедова, заведующий отделением терапии Магомед Абдуллаев, хирург Омарасхаб Магдиев, кардиолог Эльмира Камилова, врач-терапевт Гитиней Нурмагомедова, старшая медсестра терапии Мадина Аминова, медсестры Салихат и Айшат Амирхановы, Марьям Магомедова, Саадат Халатова, Мадина Халилова, Хадижат Магомедова, Самера Гитинова.

Ваша настойчивость, умение принимать сложные решения в критических ситуациях и смелость справиться с трудностями запомнятся мне на всю жизнь. Вы делаете невероятно важную работу, которая не только спасает жизни, но и приносит надежду и улыбки людям, находящимся в трудных обстоятельствах.

Благодаря вам, я сегодня нахожусь на пути к полному выздоровлению. Ваше вмешательство и забота помогли мне поверить в себя и преодолеть сложности.

**С глубокой признательностью,**
**Магомедали Ниматулаев,**
**с. Датуна Шамильского района**

■ ИНФОРМАЦИОННОЕ СООБЩЕНИЕ О ПРИЕМЕ В РЕЗЕРВ УИК

**Приложение к постановлению территориальной избирательной комиссии Шамильского района №17/22-5 от 19.12.2023 г.**

**ИНФОРМАЦИОННОЕ СООБЩЕНИЕ**
**о сборе предложений для дополнительного зачисления в резерв составов участковых комиссий территориальной избирательной комиссии Шамильского района**

Руководствуясь пунктами 11 и 14 Порядка формирования резерва составов участковых комиссий и назначения нового члена участковой комиссии из резерва составов участковых комиссий, утвержденного постановлением Центральной избирательной комиссии Российской Федерации от 5 декабря 2012 года № 152/1137-6 (далее – Порядок), территориальная избирательная комиссия Шамильского района сообщает о сборе предложений для дополнительного зачисления в резерв составов участковых избирательных комиссий (далее – УИК), сформированных на территории Шамильского района.

Прием предложений осуществляется в период с 06.01.2024 г. по 26.01. 2024 года территориальной избирательной комиссией Шамильского района:

| Номера УИК | Адрес территориальной избирательной комиссии |
|---|---|
| №1817-1858 | 368430, РД, Шамильский район, село Хебда, ул. Имама Шамиля, д.63, Здание отдела образования Шамильского района. |

При внесении предложений и подготовке документов по кандидатурам для зачисления в резерв составов участковых комиссий следует руководствоваться Порядком формирования резерва составов участковых комиссий и назначения нового члена участковой комиссии из резерва составов участковых комиссий, утвержденным постановлением ЦИК России от 5 декабря 2012 года №152/1137-6, с которым можно ознакомиться на официальных сайтах Центральной избирательной комиссии Российской Федерации и Избирательной комиссии Республики Дагестан в сети «Интернет».

Ограничений по количеству кандидатур от каждого субъекта права внесения предложений для дополнительного зачисления в резерв составов участковых комиссий не устанавливается.

В резерв составов участковых комиссий не зачисляются кандидатуры, подпадающие под ограничения, установленные пунктом 1 статьи 29 (за исключением подпунктов «ж», «з», «и», «к» и «л») Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации».

**Территориальная избирательная комиссия Шамильского района**


**ЦОЛЪИ**

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОР
МухIамадова ПатIимат Шапиюлаевна
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
ГьитIинова ПатIимат Жамалудиновна

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
ТI. МухIамадов
ГI.ХIасанова

ФОТОКОРРЕСПОНДЕНТ
МухIамад ХIамзатов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гъазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГъазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамил районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназа газета къватIибе бачIунеб букIана "ЦIияб канлъи" ва "БагIараб цIва" абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул "ГУП РГЖТ" типографиялда; Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД) Регистр. номер ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидал- ги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественностьал къимат кьезелъун. Нижер электронияб почтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издатаселазул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50